

ENFÒMASYON POU TOUT KANDIDA POTANSYÈL POU JWENN SIPÒ POU TIMOUN SAN DANJE

Avantaj louvèti yon dosye sipò pou timoun

Li kapab difisil pou leve yon timoun pou kont ou nan Vil New York. Biwo Sèvis Sipò pou Timoun (Office of Child Support Services, OCSS) pran angajman pou rann pwosesis sipò pou timoun nan pi an sekirite posib pou ou menm ak ptit ou yo. OCSS ofri anpil sèvis tankou etablisman lyen parantal ak etablisman lòd sipò.

AK ETABLISMAN LYEN PARANTAL:						
Lyen Parantal Legal	Peman pou sipò timoun	Relasyon ant paran ak ptit	Asirans Sante	Entèmedyè San Patipri	Fon Pansyon	Alokasyon Pou Militè

Konsiderasyon Sekirite yo

Pou aplike pou sèvis sipò pou timoun, ou dwe bay enfòmasyon sou tèt ou, ptit ou a ak paran ki pa gen gad la. Pandan w ap li etap ki anba yo, ou ka vle reflechi sou nenpòt enkyetid sekirite sa a ka soulve.

- Etablisman Lyen Parantal:** Si yo pa konnen paran yo, OCSS ap ede ou depoze yon petisyon pou etablisman lyen parantal nan Tribunal Fanmi an. Tou de paran yo pral oblige **parèt nan tribinal** (nan ekran oswa an pèsòn) pou temwaye sou realite ak sikonstans ka a. Ou ka mande pou tribal la bay lòd pou **randevou pou tès jenétik** nan lè ak jou separate.
- Etablisman Sipò:** OCSS ap ede ou depoze yon petisyon sipò pou timoun nan Tribunal Fanmi an. Ou pral oblige **parèt nan tribinal** (nan ekran oswa an pèsòn). **N ap prezante revni ak depans** paran yo **epi yo pral itilize yo pou detèmine kantite lajan lòd sipò pou timoun nan.**
- Rekouvreman Sipò:** Y ap kontakte yon anplwayè **paran ki pa gen gad** pou retire peman sipò pou timoun ki te resevwa lòd tribal la nan chèk yo pou yo voye bay OCSS la. Si yo pa konnen yon anplwayè, yo voye yon **deklarasyon bòdwo chak mwa** pa lapòs bay paran ki pa gen gad la epi yo dwe peye OCSS dirèkteman.
- Modifikasyon:** Lè sikonstans yo chanje, oumenm oswa paran ki pa gen gad la ka depoze yon petisyon pou mande Tribunal Fanmi an **modifie yon lòd sipò ki egziste déjà** paske bezwen timoun nan chanje epi/oswa revni paran ki pa gen gad la chanje.
- Egzekisyon Sipò:** Si paran ki p ap viv avèk timoun nan rate kèk peman, **aksyon egzekisyon yo** ap kòmanse konfòmeman ak delè legal yo. Aksyon sa yo ka fèt nan menm moman an epi genyen sa yo ladan:

- | | |
|---|---|
| ➤ Sezi ranbousman taks Federal ak taks Leta | ➤ Sezi kont labank |
| ➤ Sezi lajan ou genyen nan lotri | ➤ Referans bay Depatman Fiskal ak Finans Eta Nouyòk |
| ➤ Deklare dèt bay ajans kredi | ➤ Refi pou paspò Ameriken |
| ➤ Sispansyon lisans chofè | ➤ Sezi aranjman peman pou chòk pèsònèl/avantaj konpansasyon travayè |

- Ajisteman Nan Pri yo (Cost of Living Adjustment, COLA):** Ódonans sipò pou timoun ki gen omwen de lane yo elijib pou COLA revize yo. Revizyon sa a ka **ogmante montan sipò pou timoun** nan ke paran ki pa gen lagad la oblige peye san li pa ale tribal.



Rete an sekirite pandan ou ap chèche sipò pou timoun

Pwogram Sipò Timoun ak Tribunal la gen fason pou ede ou jwenn aksè nan sèvis sipò pou timoun san danje.



Mande temwayaj elektwonik olye pou yo parèt an pèsòn nan tribunal la lè ou ranpli Aplikasyon pou temwayaj elektwonik ki disponib nan <https://www.nycourts.gov/LegacyPDFS/FORMS/familycourt/pdfs/4-24.pdf>.



Mande Tribunal la pou l pa revele kote ou ye, rezidans ou oswa patwon ou. Tribunal la ka ofri plis prekosyon anvan, pandan, ak apre yon odyans pou sekirite fizik ou.

Aprann plis sou fason pou soutni lòt moun nan <https://www.nycourts.gov/CourtHelp/Family/confidentiality.shtml>.



Retire enfòmasyon sou kote ou ye/rezidans oswa patwon ou nan petisyon yo, avi oswa nenpòt divilgasyon finansye yo mande. **Menmsi yo kapab retire adrès ou nan tout fòmilè yo, li pa toujou posib pou yo retire non konte a, ajans sipò pou timoun lan, oswa non tribunal ki te bay lòd sipò a.**



Mande randevou laboratwa ou pou tès jenetik pou detèmine lyen parantal ka pwograme separeman ak lòt paran an.



Depoze yon Lòd Pwoteksyon lè ou ranpli Petisyon deli Fanmi an. Ou kapab jwenn plis enfòmasyon nan <https://www.nycourts.gov/CourtHelp/Safety/familyfiling.shtml>.

Si ou bezwen pale ak yon moun imedyatman sou sekirite, kontakte:

Liy dirèk Vyonans Domestik ak Vyonans Seksyèl Eta Nouyòk	Rele: 1-800-942-6906	Tèks 1-844-997-2121	Koze: www.opdv.ny.gov
Liy dirèk Vyonans Domestik Vil Nouyòk la:	Rele: 1-800-621-HOPE (ESPWA)	1-800-621-4673	

Defansè ki gen anpil fòmasyon ki disponib 24/7/365 pou pale konfidansyèlman ak nenpòt moun ki sibi vyolans domestik oswa vyolans seksyèl, k ap chèche resous oswa enfòmasyon, oswa kesyone aspè malsen nan relasyon yo.

Pou aprann plis sou sa ki reprezante vyolans familyal, domestik, ak seksyèl epi ki resous ki disponib, al gade nan <https://opdv.ny.gov/about-domestic-violence> ak www.nycourts.gov/CourtHelp/Safety/DVindex.shtml.

Ou ka mete enfòmasyon sou sekirite ou ajou **NENPÒT KI LÈ**. Menmsi ou te deja di travayè sipò pou timoun nan ou pa t gen okenn enkyetid sou sekirite, bagay yo chanje epi OCSS vle ede ou rete an sekirite.

Divòs ak Sipò Pou Timoun

Si w ap, oswa ou ap konsidere, aplike pou oswa resevwa Asistans Lajan Kach, yon dosye sipò pou timoun ka louvri otomatikman epi li pral mande ou pou kolabore ak Pwogram Sipò pou Timoun. Genyen OCSS ka kpran pou kenbe ou menm ak pitit ou an sekirite pandan tout pwosesis la. Yon abandon pou vyolans domestik ak/oswa detèminasyon yon rezon valab ka libere ou de tout oswa yon pati nan kondisyon pou kolabore ak Pwogram Sipò pou Timoun.

Aprann plis sou sipò pou timoun jodi a nan nyc.gov/hra/ocss oswa voye yon imèl ba nou nan dcse.cseweb@dfa.state.ny.us.